


COVID-19



Rezidan NJ yo dwe prepare yo ak yon posiblite epidemi COVID-19 nan kominote yo a. Ou kapab pran mezi pou redwi pwopagasyon COVID-19 la.



Evite espas piblik kote ki gen anpil moun (sant komèsyal, sinema, estad) ak rasanbleman an mas



Kenbe distans (apeprè 6 pye) de lòt moun lè sa posib



Pratike mezi prevansyon chak jou tankou lave men souvan, rete lakay ou lè w malad, epi kouvri tous ak estènè

Kouman sa ede nan kanpe pwopagasyon COVID-19 la?

Detachman (distans) sosyal la konsantre sou konpòtman pèsònèl moun ka pran pou yo diminye risk pou yo enfekte

Viris ki lakòz pwopagasyon COVID-19 la...

- ant moun ki an kontak kole sere youn ak lòt (nan apeprè 6 pye)
- atravè ti gout respiratwa ki pwodui lè yon moun ki enfekte touse oswa estènè

Ti gout sa yo kapab ateri nan bouch oswa nan nen moun ki tou pre a oswa pètèt rale nan poumon yo.

Detachman (distans) sosyal pa toujou posib, men fè sa w ka fè pi byen pou w kenbe espas pèsònèl epi pratike bon ijyèn.



Pou Plis Enfòmasyon

Sant Apèl Piblik COVID-19 la disponib 24 sou 24 / 7 jou sou 7 pou reponn kesyon jeneral yo: **1-800-962-1253**.

Rezidan avèk kesyon osinon enkyetid konsènan COVID-19 la ak resous ki disponib pou yo kapab tou rele **2-1-1** osinon voye tèks NJCOVID nan **898-211**.